

Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN YON PWOPOZISYON POU FÈ AGRESYON KONT LAPRÈS VIN YON DELI GRAV NAN BIDJÈ EGZEKITIF 2019 LA

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen yon pwopozisyon pou ogmante sanksyon penal yo poutèt agresyon kont laprès nan Bidjè Egzekitif 2019 la. Pou ofri jounalis yo plis pwoteksyon konsidere zak vyolans kont manm medya yo ki fèt dènyèman, Gouvènè a ap pwopoze lejislasyon ki t ap ogmante sanksyon yo poutèt agresyon kont yon jounalis pandan l ap egzèse devwa travay jounalis li pou yo vin enfraksyon nivo deli grav.

“Repòtè yo gen yon travay ki ase difisil deja donk li inakseptab ak imoral pou deplizanplis yo gen pou sibi menas donmaj fizik senpleman poutèt y ap fè travay yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan administrasyon federal ki la kounye a ap favorize yon anviwònman ki nòmalize epi menm ankouraje atak sou laprès, New York ap pran pozisyon. M espere lòt eta ap vin jwenn nou nan pwomilge pwoteksyon sa yo pou fè yo vin lwa yon fwa pou tout.”

Lejislasyon sa a pral ogmante sanksyon poutèt agresyon sou jounalis sòti nan ti deli rive nan deli grav klas D. Gen pi bon pwoteksyon menm jan an ki egziste pou lòt pwofesyon, tankou paregzanp enfimyè, travayè sèvis piblik, anplwaye MTA, teknisyen sèvis medikal ijan ak uisye sèvis jidisyè.

Manm medya yo ta dwe santi yo an sekirite pandan y ap egzèse devwa travay yo. Lejislasyon Gouvènè a pral reyafime Eta New York gen zewo tolerans pou tout zak vyolan kont jounalis epi l ap fè moun ki vyole lwa a sibi tout konsekans yo.

Libète laprès se yon dwa Konstitisyon an garanti epi se yon potomitan demokrasi nou an. Sepandan, administrasyon Trump la lanse yon atak kont laprès, bay travay jounalis li pa renmen yo pote non “fo nouvèl” pou fè vanse pwòp ajenda Administrasyon an epi enspire rayizans pou medya yo pami piblik la. Malerèzman, retorik ak diskou piblik la vin transfòme an vyolans ak tantativ atak kont jounalis, ògàn laprès, ak manm nan laprès. An 2017, yon kandida pou Kongrè te agrese yon repòtè avèk vyolans poutèt li t ap poze kesyon endezirab—yon zak Prezidan Trump te selebre apre sa. Pandan Oktòb ki sot pase a, yo te akize yon mesye nan Florida dèske li te poste 14 bonm bay pèsonaj politik enpòtan ak ajans laprès, de nan yo te adrese a swen yon rezo nouvèl nasyonal nan estidyo New York yo a. Nan mwa Dawout 2018, yo te arete yon mesye nan California lè li te fin rele Boston Globe apeprè yon douzèn fwa ap menase l ap tire repòtè.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)